

V. KALIMAH SALANCAR

A. TUJUAN PEMBELAJARAN

Mahasiswa mibanda pangaweruh anu jugala ngeunaan kalimah katut babagianana dina basa Sunda katut pangajaranana. Tujuan husus anu kudu kahontal tina ieu pangajaran, nya eta mahasiswa mampuh:

- (1) ngeceskeun watesan jeung babagian kalimah;
- (2) ngeceskeun wangun kalimah;
- (3) ngeceskeun rupa-rupa kalimah salancar; jeung
- (4) nganalisis kalimah salancar.


B. AMBAHAN BAHAN AJAR

Bahan ajar anu bakal dipidangkeun dina ieu lawungan atawa pajemuhan patali jeung opat perkara kayaning (1) watesan jeung babagian kalimah, (2) wangun kalimah; (3) rupa-rupa kalimah salancar. Wincikan tiap-tiap bahan ajar dibabarkeun di handap ieu.

1. Watesan jeung Babagian Kalimah

Kalimah teh bisa oge disebut runtuyan kecap-kecap anu puguh entep seureuhna. Najan kitu, aya unsur utama anu jadi ciri utama kalimah nya eta lentong (intonasi). Ku kituna, aya nu nyebutkeun yen kalimah teh nya eta wangunan basa miwujud kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngebrehkeun pikiran kalawan gembleng sarta diwatesanan ku randegan panjang nu binarung ku wirahma ahir turun atawa naek.

Sakumaha panjangna kalimah dina enas-enasna mah mibanda dua bagian, nya eta bagian galeuh jeung bagian panambah. Bagian galeuh kalimah nya eta jejer (J) jeung caritaan (C), boh binarung ku objek (O) jeung panglengkep (Pa), boh henteu. Ari bagian panambah ilaharna disebut katerangan (K). Baganna ebreh di handap ieu.



Anu dimaksud ku “jejer” (Subjek) nya eta bagian galeuh kalimah anu nuduhkeun naon-naon (poko) anu dicaritakeun. Ilaharna diwangun ku kecap atawa gundukan kecap barang. “Caritaan” (predikat) nya eta bagian galeuh kalimah nu nuduhkeun naon-naon nu dicaritakeun ngeunaan jejer. Dina conto kalimah di luhur, *Angga* jeung *Ajat* masing-masing mangrupa jejer, ari *meuli* jeung *tumpak* mangrupa caritaan.


Bagian galeuh kalimah teh tampolana sok dibarengan ku udagan (objek) jeung panglengkep. “Udagan” (objek) nya eta bagian kalimah anu aya tukangeun caritaan, ilaharna aya patalina jeung jejer. Upama kalimah dirobah tina aktif jadi pasif, objek sok robah jadi jejer. Ari panglengkep sarua kawas objek, nyaeta aya tukangeun caritaan. bedana teh panglengkep mah teu bisa jadi jejer. Pek geura tengetan deui conto di luhur, *buku* mangrupa objek, ari *beca* mangrupa panglengkep. Katerangan teh bagian kalimah anu nerangkeun bagian galeuh. Unsur *di Toko Palasari* jeung *ka sakolana* masing-masing mangrupa katerangan.

Gundukan kecap-kecap nu ngawangun bagian galeuh kalimah disebut klausa. Jadi, klausa teh gundukan kecap anu sipatna predikatif atawa mibanda adegan jejer-caritaan. Ari gundukan kecap anu henteu predikatif, tapi nyicingan hiji fungsi dina klausa disebutna teh frasa.

2. Wangun Kalimah Salancar

Disawang tina unsur klausa anu jadi pangwangunna, kalimah teh bisa diwincik jadi dua rupa, nya eta (1) kalimah salancar jeung (2) kalimah rangkepan. Kalimah salancar ngawengku dua rupa, nya eta (a)

kalimah basajan jeung (b) kalimah jembar. Kitu deui, kalimah rangkepan aya dua rupa, nya eta kalimah ngantet jeung kalimah sumeler. Baganna di handap ieu.



Dina ieu lawungan rek diterangkeun heula perkara kalimah salancar. Dina lawungan saterusna baris dipidangkeun perkara kalimah rangkepan. Ayeuna urang tengetan pedaran kalimah salancar.

Kalimah salancar nya eta kalimah anu diwangun ku hiji klausa bebas atawa bagian galeuh (J-C), boh dibarengan ku bagian panambah boh henteu. Kalimah salancar anu diwangun ku hiji bagian galeuh (J-C), boh dibarengan ku O atawa Pa, disebut *kalimah salancar basajan*, ari kalimah salancar anu diwangun ku bagian galeuh jeung bagian panambah atawa katerangan disebut *kalimah salancar jembar*.

a. Kalimah Salancar Basajan

Kalimah salancar basajan nya eta kalimah salancar anu diwangun ku bagian galeuh wungkul; diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan, boh dibarengan objek jeung panglengkep boh henteu. Kalimah basajan basa Sunda mibanda pola dasar anu tangtu.

Ditilik tina warna kecap atawa gundukan kecap anu jadi caritaanana, kalimah basajan ngabogaan sababaraha rupa jeung pola. Rupa-rupa jeung pola kalimah basajan ebreh di handap ieu.

(1) Kalimah Basajan Barang (pola J : B + C: B)

Ieu kalimah diwangun ku jejer jeung caritaan anu kagolong kana kecap atawa frasa barang. Tatali antargatrana nuduhkeun harti ‘Digolongkeun-Panggolong’. Contona:

Anjeunna teh / guru kuring.

Bumina / gedong.

(2) *Kalimah Basajan Pagawean (Pola J:B + C:P ± O/Pa)*

Ieu kalimah diwangun ku jejer nu kagolong kecap atawa frasa barang jeung caritaan nu kagolong kecap atawa frasa pagawean. Tatali antargatrana nuduhkeun harti ‘Palaku-Kalakuan’. Contona:

Angga / keur maca / buku.

Bi Koyom / dagang / beas.

Arpan / mangmeulikeun / buku / keur adina.

(3) *Kalimah Basajan Sipat (Pola J: B + C: S)*

Ieu kalimah diwangun ku jejer nu kagolong kecap atawa frasa barang jeung caritaan nu kagolong kecap atawa frasa sipat. Tatali antargatrana nuduhkeun harti ‘Diterangkeun-Panerang’. Contona:

Buukna / jocong.

Sapatuna / sae pisan.

(4) *Kalimah Basajan Bilangan (Pola J: B + C: Bil)*

Ieu kalimah diwangun ku jejer nu kagolong kecap atawa frasa barang jeung caritaan nu kagolong frasa pangantet. Tatali antargatrana nuduhkeun harti ‘Dijumlahkeun-Pangjumlah’. Contona:

Lanceukna / dua urang.

Bajuna / lima setel.

(5) *Kalimah Basajan Pangantet (Pola J: B + C:FPt)*

Ieu kalimah diwangun ku jejer nu kagolong kecap atawa frasa barang jeung caritaan nu kagolong frasa pangantet. Tatali antargatrana nuduhkeun harti ‘Dituduhkeun-Panuduh’. Contona:


Pun bapa mah / ka kebon.

Buku Basa Sunda / dina luhureun meja.

b. Kalimah Salancar Jembar

Kalimah salancar jembar diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritaan minangka galeuh kalimah, ditambah katerangan minangka bagian panambahna. Caritaan dina kalimah salancar jembar bisa dibarengan ku objek atawa panglengkep bisa henteu. Anu penting dina kalimah salancar jembar nya eta ayana katerangan. boh henteu. Baganna kieu.

Bagan : Kalimah Salancar



Wujud katerangan dina kalimah salancar jembar mangrupa kecap atawa frasa. Ari sababna, katerangan anu mangrupa klausa mah ngawangun kalimah sumeler. Ditilik tina harti nu dikandung ku katerangan, kalimah salancar jembar bisa diwincik kieu.

- (1) Kalimah salancar jembar ‘waktu’
Manehna rek datang *minggu hareup*.
- (2) Kalimah salancar jembar ‘tempat’
Pun biang mah nuju angkat *ka pasar*.
- (3) Kalimah salancar jembar ‘tujuan’
Ajat meuli buku *keur adina*.
- (4) Kalimah salancar jembar ‘cara’
Ayeuna hidep kudu indit *gagancangan*.
- (5) Kalimah salancar jembar ‘panyarta’
Kuring indit *kadua budak*.
- (6) Kalimah salancar jembar ‘alat’
Angga neunggeul oray *ku tangkal sampeu*.
- (7) Kalimah salancar jembar ‘pangbanding’
Cangkengna lengkeh *kawas papanting*.

- (8) Kalimah salancar jembar ‘panyabab’
Pare teh jadina mereketetet *ku hama wereng*.
- (9) Kalimah salancar jembar ‘pangiwal’
Kabeh oge geus daratang *iwal Uho*.
- (10) Kalimah salancar jembar ‘pangjumlah’
Ceu Imas mahanan sangun *limaaneun*.
- (11) Kalimah salancar jembar ‘modalitas’
Sigana mah manehna teh eraeun.
- (12) Kalimah salancar jembar ‘aspek’
Sakali deui sim kuring ngahaturkeun rebu nuhun.

C. RANGKUMAN

Kalimah nya eta wangun basa miwujud kecap atawa runtuyan kecap anu mibanda lentong ahir (intonasi final). Wujud kalimah bisa keca atawa runtuyan kecap (frasa atawa klausa). Contona: *Kuring indit ka kampus*.

Kalimah anu diwangun ku runtuyan kecap nu disebut klausa mibanda babagian nu tangtu. Aya bagian galeuh aya bagian panambah. Bagian galeuh kalimah mangrupa jejer (J) atawa subjek (S) jeung caritaan (C) atawa predikat (P), boh binarung ku udagan (U) atawa objek (O) jeung panglengkep (Pa) boh hnteu. Ari bagian panambah kalimah umumna disebut katerangan (Kat). Contona:

Bapa manggaleuhkeun buku kanggo abdi ti Toko Palasari.

J C Pa U Kat

Disawang tina wanguna, kalimah dibedakeun kalimah salancar jeung kalimah rangkepan. Dina ieu lawungan kakaran dipedar kalimah salancar, nya eta kalimah anu diwangun ku hiji klausa bebas atawa diwangun ku jejer jeung caritaan, boh dibarengan ku objek, panglengkep, jeung katerangan boh hnteu.

Kalimah salancar dibagi dua, nya eta kalimah basajan jeung kalimah jembar. Kalimah basajan diwangun ku jejer jeung caritaan, boh dibarengan ku objek jeung panglengkep boh hnteu. Contona: *Kuring*

maca buku. nurutkeun warna caritaanana, kalimah salancar bisa mangrupa kalimah barang, kalimah pagawean, kalimah sipat, kalimah bilangan, jeung kalimah pangantet.

Kalimah jembar diwangun ku jejer, caritaan, jeung katerangan, boh dibarengan ku objek jeung panglengkep boh henteu. Contona: *Kuring maca buku kamari*.

Nurutkeun ma'na kateranganana, aya 12 rupa kalimah jembar nya eta kalimah jembar (1) waktu, (2) tempat, (3) tujuan, (4) cara, (5) panyarta, (6) alat, (7) pangbanding, (8) panyabab, (9) pangiwal, (10) pangjumlah, (11) aspek, jeung (12) modalitas.

D. LATIHAN

Jawab sakur pananya ieu di handap!

1. Naon cirina kalimah teh?
2. Kumaha wujudna kalimah dina basa Sunda?
3. Sebutkeun naon bae babagian kalimah teh?
4. Tetelakeun bedana kalimah basajan jeung kalimah jembar!
Contoan!
5. Bagian kalimah anu sakurang-kurangna ngandung jejer jeung caritaan disebutna?
6. Cik tetelakeun ngeunaan frasa tur contoan!
7. Sebutan pola-pola kalimah salancar disaawang tina warna caritaanana!
8. Tetelakeun jeung contoan kalimah basajan pangantet!
9. Contoan tilu rupa kalimah jembar!
10. Jieun kalimah anu ngandung objek jeung panglengkep!